Нобэ Урысейм и Махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№110-111 (23.019) ● 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 12, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Урысейм и Махуэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ си гуапэу сынывохъэхъу.

А махуэшхуэр Урысейм и иджырей тхьдэм хиубыдэ къэхъуькъащІэхэм я мызакъуэу, ди Хэкум лІэщІыгъуэ куэдкІэ къикІуа гъэзгум и дамыгъэщ. Абы къыхэкІыу а тхьдэм и дэтхэнэ лъэхъэнэми дэ пщІэ хуэтщІын, ди хабзэ нэхъыфІхэр тхъумэн, абыхэм зедгъэужьын, ди Хэкур фІыуэ тлъагъуу щытын хуейщ.

Ди къэралым и тхьдэ гъэзуанэм кьрибудэу кьару зэмылІэужьыгъуэхэм кьытракъуэзу зэрекІуэкІам кьыхэкІыу ар гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэм Іэджэрэ хэхуащ. Мис нобэ Хэкум и зэфІэкІыр ирагъэхуэхыну, абы дуней псом щиІэ пщІэр ягъэлъэхьшэну хущІэкъухэр щыІэщ. Бы-дэу си фІэщ мэхъу апхуэдэ мурадыр зыми кьыззэремыхъулІэнур. Урысейр зэманым кьыдэкІуэу зыхэхуа зи чэзу гугъуехьхэм ялэлъэщынущ икІи дунейм щиІэ пщІэм нэхъри хигъэхъуэнурэ зыужьыныгъэм и гъэзгум тету ялэкІэ кІуэтэнущ.

Шэч кьыщІытепхьэн щыІэкъым ди республикэми зэманым и гугъуехьхэр кьыззрызэриенэкІынум, социально-экономикэ зыужьыныгъэм щиІэ зэфІэкІхэм зэрызигъэхъуэнум, жылагъуэ зэкъуэтныгъэр нэхъри зэригъэбыдэнум. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми республикэм и кьэкІуэнур елъытауэ зэрыщытыр зэи зыщигъэгупщэ хьунукъым икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и фІыгъуэм игури и псэри етауэ телэжьэн хуейщ.

Республикэм исхэм мамырыгъэ, фІыгъуэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну си гуапэщ.

Къэрал иным и гражданин ныбжьыщІэхэр

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм мэкъуауэгъуэм и 12-м и щІыхькІэ кьыщыззрагъэпэща зэхьихьэшхуэм кьрихьэлІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, республикэм и жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. ЯгъэлъапІэу абы щрагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ еджакІуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ.

Нэгэзыужь Іэхуэхэр зэфІэкІа нэужь утыкум кьихьащ УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іэхуэхэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр. Ахэр зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ махуэшхуэмкіэ ехъуэхьурэ, УФ-м и паспортэр иратащ.

Къэралым и цІыху ныбжьыщІэхэм псалъэ гуапэхэмкіэ зыхуагъэзащ Хэку зауэшхуэм хэта, отставкэм щыІэ полковник, зауэм кьыщрата дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэу 15 зиІэ Марченкэ Сергей, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий, УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іэхуэхэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэ Герузов Алий сымэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Чеченов Ануар кьыхигъэщыкьэкІащ паспортхэр зрата ныбжьыщІэхэм хуитыныгъэ инхэр зэратэр, ауэ абы кьыдэкІуэу ди къэрал иным и гражданиным и кьалэнхэри я пщэ зэрыдэхуар, апхуэдэ пщІэмрэ щыхьыкьымрэ я псэукІэмкіэ, еджэкІэмкіэ, зэфІэкІымкіэ, егугъуныгъэмкіэ ягъэпэжыну кьаэзрыпэщытыр.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

Шэч къытесхьэркъым

ПщІэ зыхуэсщІ си хэкуэгъуэхэ!

Урысей къэралыгъуэм и дамыгъэу щыт ди лъэпкъ махуэшхуэмкіэ, Урысейм и махуэмкіэ сынывохъуэхъу.

Урысей Федерацэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр илъэс тІощІрэ щырэ ягъэкІэ къащтащ. Хэкум лІэщІыгъуэ куэд кьызэщІэзыубыда и тхьдэм и лъэхъэнэщІэм 1992 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м щІидащ.

Зэрыщыту къэралми хуэдэу, Кавказ Ищхъэрэм и дежкІэ а илъэсхэр тыншу щытакъым. ЩІыналъэм ехъулІэныгъэхэри, кьыкІэрьхуныгъэхэри, мыхъумыщІагъэхэри, текІуэныгъэшхуэхэри щыІащ. Аущ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъэхэр сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэхэм хэмыхуами, фэ, си хэкуэгъу лъапІэхэ, ахэр щІыхь пылъу, Кавказым щыІэ нэмысымрэ губзыгъагъэмрэ фымыгъэкІуэду кьызэвнэкІащ.

Шэч къытесхьэркъым Урысейм и къэрумрэ зэфІэкІымрэ хэхъуэн папщІэ щІэгъэхуэбжьауэ икІи инновацэ зыужьыныгъэм и гъэзгум тету ди кьару зэхэлъкІэ ар ягъэкІэ зэрыдгъэкІуэтэфынум.

Ди цІыхухэр, ди бынхэмрэ абыхэм я бынышхэмрэ мамыру, кьэхэмыщтыкІыу, ефІакІуэу псэуныр дэ тщыщ дэтхэнэ зыми елъытащ.

Псоми узыншагъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну сынывохъуэхъу.

***Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іэхуэхэмкіэ и министр* КУЗНЕЦОВ Лев**

● Зэ1ущІэхэр

Іуэхур зыхуей хуэзэн папщІэ

КъБР-м и Правительствэм деж Гъэзгум шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщынымкІэ щыІэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэ екІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, абы и къуэдзэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Шэт Ирмэ**, КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Къудей Арсен** сымэ, гъэзгухэм епха Іэхуэщ1ІэІэхэмрэ гъэзгухэм хабзэхэр зэрыщагъэзащІэм кІэлъыплъ кьулыкъущІапІэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщІ **Бештокъуэ Аслъэн** тепсэлъыхьащ 2020 гъэ пщІондэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортым зыщегъэужьын» къэрал программэм хьыкъэ «Гъэзгум щынагъуэнщагъэр къыщыгъэзэгъэпэщын» Іыхьэр гъэззщІа зэрыхъуэм. Бештокъуэм зэрыжиІамкІэ, федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэ а Іуэхум ихьалъхьэн щхьэкІэ, ди республикэм Іыхьэ гуэр и пщэм дилъхьэн хуейщ. Бештокъуэм къыззрыхигъэщамкІэ, 2014 гъэм КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм зэрыщыхуаГъэзэ ахъшэ бжыгъэр республикэ мылъкум къыхуахъэкІыфакъым. Абы и щхьэусыгъуэр къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиІащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхь Заур**. Абы зэрыжиІамкІэ, зи гугъу ящІ программэр гъэззщІа хъун папщІэ текІуэдэну ахъшэм щыщу къэралым процент 30 къриту арамэ, республикэм процент 70-р дыщІигъужьи уэйщи, ди бюджетыр абы пэлъэщыркъым, уеблэмэ 2016 гъэми республикэм ар хуэзфІэкІынукъым.

ГъущІ гъэзгу зэрыкІыплъэхэм шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэща хъун папщІэ щІапхъэхэмрэ ахэр зэрызехьапхъэхэмрэ ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м и ВМД-м и къуэдзэ **Іэрэмысэ Аслъэн**. Абы игъэбелджылащ республикэм ит гъущІ гъэзгу зэрыкІыплъэ 43-м я нэхъыбэр зыхуей хуэзазу зэрыщымытыр, апхуэдэ щыІплъэхэм къыщыхьу насыпыншагъэхэмрэ ахэр къэзыщэхэмрэ зэпкърихащ.

2015 гъэм и зыгъэпсэхупІэ пІалъэм сабийхэр шынагъуэншэу кьешэжІыным епхауэ республикэм щызэфІакъэхІэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и ВМД-м и УГИБДД-м и унафэщІ **Бэджыдэ Юрий**. Абы нэхъыбэу зи гугъу ищІар а Іуэхум ехпауэ щыІэ зэфІэмыхьэныгъэхэрщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, бгы-лъэ щыпІэхэм щыІэ зыгъэпсэхупІэхэм екІуалІэ гъэзгухэр зыхуей кьэзгъэзауэ щыткъым, ныбжьыщІэхэр кьызэрырашэкІ автобусхэр жьы хуауащ. А псоми я хэкІыпІэу кьалъытэр кьыхэщу къэпсэлъащ зэІущІэм кьрихьэлІэхэр.

Налшык икІыу Нартанрэ Щхьэлъкъэрэ кІуэ троллейбусыщІэхэм я гугъу щащІым, КъБР-м Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Абазэ Хьэдис** кьыхигъэщащ жылэдэсхэм я хъуэпсапІэхэр Іэхуэм кьыхэльытэн зэрыхуейр. Иджыпсту зекІуэ троллейбус зы-тІум щІыхр щІэзрыкъуэщІэмэкьым кьыхэкІыу нэхъыбэ зэрыщІыпхъэр, зы сыхьэткІэ нэхъ пасэу лэжьэн щІидзэу, сыхьэт 20-м нэсыху зекІуэу щытынкр зэрафІэкъабылри жиІащ. ЦІыхухэр арэзы зымыщІ зэтеублэкІэм и щхьэусыгъуэхэр кІыхьу кьыхурагъэкІуэкІыу идакъым Мусуковым. «Фыхуеймм фыхуэмеймм, маршрутткэхэм зэран яхуэхъуми, тумэн фІэкІа и мыуасэу троллейбусхэр кьуажитІым кІэнущ, цІыхухэм я гуныкъуэгъуэхэр кьэфІныгъэ, икІэщІыпІэкІэ тэмэму зэтеувблэну фи пщэ дызольхьэ», - жиІащ Правительствэм и Унафэщым.

НЭЩІУПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдокъуэ Мурат и программэщІэр Санкт-Петербург утыку къыщрехьэ

Урысейм и Махуэм, мэкъуауэгъуэм и 12-м, Санкт-Петербург Шостакович Д. Д. и цІэр зезыхьэ и къэрал филармонием и пэш цІыкІум щекІуэкІынущ КъБР-м и цІыхубэ артист, композитор, пианист Къэбэрдокъуэ Мурат и творческэ пщыхьэщхьэ. Абы кьекІуалІэхэр Дунейпсо симфоние оркестрымрэ «Таврический» хорымрэ Сокуров Александр и «Франкофония. Лувр под немецкой оккупацией» фильмым хуатха музыкэм ирагъэдэлъэнущ. Абы кьыдэкІуэу утыку къырахьэнущ композитор ныбжьыщІэм и яп1 альбомыр, «Псалъэншэ уэрэдхэр» зыфІищар. Абы хэт произведенэхэр ягъэзэщІэнущ езы Къэбэрдокъуэ Муратрэ «Клевер-Квартетымрэ».

Къэпщытэныгъэхэр йокІуэкІ

● Школ хъыбархэр

НыбжьыщІэхэм урысыбзэмкІэ ята Зыуэ щыт къэрал экзаменым кьиГъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школакІуэхэр а къэпщытэныгъэм хъарзынэу зэрыпэлъэщар. А экзаменым кьирикІуахэр къэпщытэжащ икІи, ди гуапэ зэрыхъущи, ныбжьыщІи 8-м абыкІэ балли 100 кьахьащ, школакІуэ 464-м я лжьыгъэхэм хуагъэфэщащ балл 80-м къыщыщІэдзауэ 100-м нэс.

Апхуэдэ ехъулІэныгъэ лъагэ къэзыхьа ныбжьыщІэхэм яхэтщ урысыбзэмкІэ республикэпсо олимпиадэхэм щытекІуэу цІыхуитху. Фигу къэдгъэкІыжьыщи, нэгъабэ апхуэдэ экзамен зытахэм ящыщу балли 100 зыхуагъэфэщар зы лжьыгъэ закъуэт, балл 80-м нэхъри нэхъыбэ къэзыхьауэ щыта ныбжьыщІэхэри куэдкІэ нэхъ мащІэт: цІыху 242-рэ къудейт зэрыхъур.

Зи гугъу тщІы къэпщытэныгъэр накъыгъэм и 28-м екІуэкІащ. Абы хэтащ цІыху 5361-рэ. Абыхэм ящыщу ныбжьыщІи 128-м хьахьыфакъым Іэмал имыІэу яІэн хуей балл бжьыгэр (ар ЕГЭ-р зытахэм я проценти 2,3-рэ мэхъу). Абыхэм а экзаменыр ятыжьну хуитщ абы хухаха резерв махуэм, математикэмкІэ оценкэ тэмэм хьахьмэ. Мэкъуауэгъуэм и 8-м республикэм и школхэм щекІуэкІащ химиемкІэ (цІыху 1066-рэ), обществознаниемкІэ (2987-рэ) ЕГЭ-хэр. Дыгъуасэ, мэкъуауэгъуэм и 11-м, ныбжьыщІэхэм ятащ физикэр (цІыху мин 1315-рэ), инджылызыбзэр (473-рэ), нэмыцібзэр (6-м), франджыбзэр (4-м), испаныбзэр (зы цІыхум).

Къэпщытэныгъэхэм хэт дэтхэнэми зыщигъэгъупщэ хъунукъым абы епха хабзэхэр къыз1упаД зэрымыхъунур, аэрэ псоми тКІийуэ ягъэззщІэн зэрыхуейр.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

■ Зэ1ущІэхэр ■ Хъыбарыщ1эхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Махуэгъэпс ■ Тхылъыщ1э

● Обозревателым и псалъэ

Къэкіуэнум дыщогугъ

Ар ди къэралым и махуэшхуэ нэхъ щІалэ дыдэхэм ящыщщ. Уеблэмэ иджыри мащІэкъым абы щІэдзапІэ хуэхъуам щымыгъэззэхэр. Пэжщ, мылажьэгъуэ махуэу зэрыщытыр хъарзынэщ - уи унэм, хадэм ущыпэщащэ хъунущ. АдэкІэ-щэ? Сыт ар къэралым и гуфІэгъуэ нэхъыщхьэу щІагъэувар? А упщІэм жэуап еттын папщІэ илъэс 25-кІэ дызэІэбэжьыжьын хуейщ.

1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м РСФСР-м и ЦІыхубэ депутатхэм я апэ съездым кьищтащ Урысейм и Къэрал суверенитетым теухуа декларацэр. А зэманым ирихьэлІэу апхуэдэ хабзэ езыхэм я щІыналъэхэм щагъэуфурэ илъэсыпІэкІэ Совет Союзым хэкІырт СССР-м и республикэ куэд - ахэр хамэ унафэ щІэмыт къэрал щхьэхуэ хъурт. Урысейри а гъэзгум ирикІун хуей хъуащ. Абы щигъэбыдэрт и къэралыгъуэр. И цІэми зригъэхъуэжащ - дяпэкІэ зэреджэнур Урысей Федерацэ жиІэрт.

ЖытІэнщи, а махуэ дыдэм, ауэ илъэс дэкІауэ, УФ-м игъэтащ и апэ Президентри. Хэхьыныгъэ зэІухахэм щытекІуэри, а кьулыкъур лъысащ Ельцин Борис. Абы 1994 гъэм кьыдигъэкІа унафэмкІэщ мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысейм и Къэрал суверенитетыр кьыщащта махуэу ягъэлъэпІэну зэрагъэувар. ИужькІэ а къэрал гуфІэгъуэр Урысейр хамэ унафэ кьыщыщІэкІа, нэгъуэщІу жыпІэмэ, щхьэхуэ щыхъуа махуэу ягъэлъапІэу щІадзащ.

Арщхьэкіэ псори тыншу кьехъулІакъым. Урысейхэм кьагурыІуэртэкъым «хамэ унафэ кьыщыщІэкІа» псалъэхэм кьарыкІыр. «КъыщІэкІын» ипкІэ къэралыр хэт зибжь щІэтар? А упщІэм зэІубэу жэуап яхуетыртэкъым къэрал кьулыкъущІэхэми. ФІыуэ ялъагъуу икІи зэрыгушхуэу щыта Совет Союзыр зэрыпэлъэжкар ди гум щІыхьа щІыхьхэм *(фигу къэдгъэкІыжьыщи, итъэсипкІэ екІуэкІа референдумым Іэщызыіэтахэм я процент 80-м щІигъур (!) къыщыуат СССР-р къызэтенэным и телъхьэу)* щІэуэ къэунэхуа махуэшхуэм и мыхьэнэр кьагурыІуэртэкъым. Кьалэ зэмылІэужьыгъэхэм къыщызэрагъэпэщ зэхьихьэхэм, нэгузыужь Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм кьарыкІ щыІэтэкъым.

Апхуэдэу щыхъум, Ельцин Борис мурад ищІащ мэкъуауэгъуэм и 12-р хиІэтыкІыпІэну. ГуфІэгъуэм и щІыхькІэ кьэпсалъэу, абы кьыхилъхьащ мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысейм и махуэу ягъэувыну. Арщхьэкіэ ар кьэралым и гуфІэгъуэ нэхъыщхьэ щыхъуар УФ-м и Лэжьыгъэ кодексыр кьыщащта 2002 гъэм мазаем и 1-рщ.

ПІалъэ кІэщІым мис апхуэдэ гъэзгу зэхэухуэна кьикІащ дгъэлъапІэ махуэшхуэм.

ЗэрагугъамкІэ, ар увын хуейт щІыхухэм я зэкъуэтыныгъэр зэрыбыдэм, ахэр зэрыщщхьэхуитым, демократием я нэщэнэу. Ауэ къэралым кІэ имыІэу щкІуэкІа зэфІэмыхьэныгъэхэмрэ зэхъуэкІыныгъэмрэ нужьыбгуа, къулейсыз хуэдэжар ди гум щІыхьа щІыхьхэм *(фигу къэдгъэкІыжьыщи, итъэсипкІэ екІуэкІа референдумым Іэщызыіэтахэм я процент 80-м щІигъур (!) къыщыуат СССР-р къызэтенэным и телъхьэу)* щІэуэ къэунэхуа къыщхьэщхьэхуэкІащ паспортхэр зрата ныбжьыщІэхэм хуитыныгъэ инхэр зэратэр, ауэ абы кьыдэкІуэу ди къэралым и гражданиным и кьалэнхэри я пщэ зэрыдэхуар, апхуэдэ пщІэмрэ щыхьыкьымрэ я псэукІэмкІэ, еджэкІэмкІэ, зэфІэкІымкІэ, егугъуныгъэмкІэ ягъэпэжыну кьаэзрыпэщытыр.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедээнэр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым мазихуи и уасэр сом 839-рэ кІэлъыплъ 88-рэщ.

Ди индексыр 51531

Щыху жыджэрхэрщ ди фІыгъуэ нэхъыщхьэр

НОБЭРЕЙ махуэр дыщалъхуа махуэм и къэкІуэнумкІэ, абы зегъэужьынымрэ егъэ фІэкІуэнымкІэ жэуап зэрытхьыр дигу къэзыгъэкІыж, лъэпкъыр зэкъуэгъэуэвэнымрэ зэгурыгъэІуэнымрэ яхуэгъэза гуфІэгъуэщ. Хэт и дежкІи Хэкум и къыщІэдзапІэу щытыр езыр щалъхуа щІыналъэщ, ауэ дэ тщыщу хэт дэнэ щамылъхуами, къыщымыхъуами - а щІыналъэ псори зыхьыхьэр ди Урысейрщ!

Дэ ди фІыгъуэ нэхъыщхьэр зэфІэкІрэ егупынытІэрэ зыхэлъ, зэкъуэту къэралым и фІыгъуэмрэ ефІэкІуэныгъэмрэ телажъ ди цІыху жыджэрэщ. Дэ тщыщ дэтхэнэми и Іажьэкіэм, и жэрдэмымрэ граждан жэуаллынытыгъэмрэ елъытащ къэралым и нобэри, абы и къэкІуэнри.

Щыху жыджэрхэрщ ди фІыгъуэ нэхъыщхьэр

БлэкІа илъэсхэр тыншу щытакъым. Ауэ гуГъуехьхэм Урысейм и лъабжьэр нэхъри яГъэбыдащ икІи сыт хэдэ гузэвэгъуэми ар япэхэм нэхъ нэхъ лъэщ хъуауэ къызэрыхэкІыр къагъэлъэгъуащ. Нобэ дэ ди къералым дызэриригушхуэм, планетэм и къэрал нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зым и цІыху дызэрыщІыр зэрызыхэтщІэм къыдэкІуэу къыдгуроІуэ гуфІэгъуэуи гузэвэгъуэуи кэдэ къытхуэдзэзыхьа илъэс мин тхыдэр ди Хэкум и къарурмэ щІыхьымрэ яхуэкІуэ гъэгъуэу зэрыщытар.

Зэман мытыншым дыщыхэт мы лъэхъэнэм Урысейр дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэ къэралхэм ящыщу къэнэн папщІэ дэ дызэщІыгъуэу тхуэзфІэкІ псори длэжьынэ къытпэщытщ. Дэ ди къералым лІэщІыгъуэ кэдэ зи ныбжь и тхыдэм щІэ хуэтщІыну, Урысейм лъэпкъ кэдэу зэхэт и цІыхубзм я хабзэ гъэзэджэхэр тхуэмэну икІи ахэр дгъэбэгъуэну, ди адэхэмрэ абыхэм я адэжьхэмрэ зауэми лэжьыгъэ ІэнатІэми щызэрахьа лІыхъужьыгъэхэр ди щапхъэу дыпсэуну.

Мы махуэ гъэзэджэм ди гуапэщ узынщагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ, мамырыгъэ фиІэну, ди Къэрал и фІыгъуэр гъэбэгъуэным хуэгъэзауэ евгъажьэ дэтхэнэ Іуэхури къывэхъуІэну!

ПщІэ фхуэзыщІ,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Унафэщі
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Дэтхэнэми и пщэрылъ къыдолъытэ

Урысейм и Махуэр ди хэкум и къэрал махуэшхуэ нэхъыщхьэщ. УФ-р зи лъахэу къэзылъытэ дэтхэнэми лъэпкъ зэкъуэтныгъэм и дежкІэ ябж мы махуэр. Абдеж къыщожьэ иджырей урысей къэралыгъуэм и зэфІэувэныгъэр, дэтхэнэ щІыхьми Урысейм и зы Іыхьэ щыкІуу зибжьыныр. Абы теухуа гупсысэхэмкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым къыддэгуэшащ КъБР-м щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр.

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ* СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**: - Къэралу зыкъэзылъытэж дэтхэнэ щІыналъэми и къэралыгъуэм и махуэр егъэпалІэ. Уеблэмэ ар нэхъ ялэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ, сыту жыпІэмэ, хэкум и цІэр, и пщІэр зыхуэдэр, и зыужьныныгъэр зэрекІуэкІыр, абы хуэпщІэфыр, къыпхуищІэр къыщупщытэж махуэу къысщохъу.

Дэ тхуэдэ лъэпкъ мащІэхэм я дежкІэ мыхьэнэ тІуащІэ иІэщ мы махуэм. Ялэраущ, дызыхэс къэралышхуэм и къарумрэ и зэфІэкІымрэ зыхуэдэращ дэрэ ди дуней тетыкІэр зыхуэдэнур, абы и Іуэхур фІымэ, дэри дыбжьыфІэнущ. ЕтІуанэрауэ, ди адыгэбзэр республикищым къэралыбзэу къыщалъытэ. Апхуэдэ хуитныгъэ къыдиташ Урысейм - ди бзэкІэ дыпсэлъэну, ди анэдэлъхубзэм зедгъэужьыну, къыщынэмыщІауэ, ахъшэкІи зыкъытщІегъакъуэ, ар тхуэзэфІэкІын папщІэ. Лъэпкъыр щылъэпкъыр езым и анэдэлъхубзэ щыІуриІыхьжым дежщ. Ар тщымыгъупщэу, ди къэрал хабзэхэр дымыкъутэу, абы и гулъытэр къдгъэсэбэлу ди Іуэху дэдгъэкІыжьын хуейщ.

Урысейм кІуэ къэнэжьуэку мы зэманым. Абы и зэран зезыхъуэм дэ ди щхьэ, ди унагъуэ, ди хэку и зэран къызэрихуэу араущ, ди къарукІи, зэфІэкІкІи, акъылкІи дытелэжьэн хуейщ а лъэпощхьэпор гъэкІуэдыным. Ди лъэпкъгъуэ хамэ къэрал щыпсэуэкэри абыкІэ къыддэІэпыкъупхъэу къызолытІэ. Абыхэми дэри ди плъапІэ хэку-анэм - Урысейм - и пщІэр къэІэтыным, ди щІыналъэ мащІэр тхъумэным, ди лъэр быдэу мыбдеж щыуныным псори дызэкъуэту дытелэжьэнэ ди пщэрылъ нэхъыщхьэщ, къэкІуэнум худи Іэ мурадыфІхэр къыдэхъулІэн папщІэ.

«Къэралыр Тхьэм игъэуэзынщ» жаІэу щытащ ди нэхъыжьхэм. Абы и лъабжьэр зыгъэбыдэн, зи бзэр, зи хабзэр щызыхъумэжьыфын, щІыпІэ куэдым ипхъа ди къуэшхэр щызэрыгъуэтыжьын, дыщыбгэсъуэн Тхьэм ищІ.



***КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и унафэщі* ВЭРОКЪУЭ Владимир**: - Махуэшхуэщ си дежкІэ Урысейм и махуэр. Ар лъэпкъым и зыужьныныгъэм, къэщІэрыщІэныгъэм, ефІэкІуэныгъэм и нэщэнэщ. Ди къэралым из дэтхэнэ зы щІыхуми и гурыфІыгъуэу щытын хуейщ ар, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, хэкум и жьауэм щІэт щІыхуэр, лъэпкъэр зыщыгугъри зэрыгушхуэри араущ. Дыззыщ къэралыгъуэшхуэми исхэр зы гупсысэ трешэ апхуэдэ махуэм - лъэпкъэр ирегъэгупсыс зэрызэхъуэжьыныр.

Урысей Федерацэм и щІыхуу сызэрыщытым срогушхуэ. Си мызакъуэуи къысщохъу. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дэтхэнэ лъэпкъми хуэфэщэн гулъытэ хуещІ, зыми памыщІу яІэ я хъуГуэфІыгъуэхэр яхъумэжьну, утыкуэм щагъэпльэгъуэну, нэгъуэщІэхэм къарагъэщІэну Іэмал ярет. Хэкур хэкущ! Абы епщІыжьыни еижьыни къыпхэмыкІыу, и бын псори зы анэ къызэдилъхуэм хуэдэу зэгурыІуэу, дэтхэнэми и Іуэху щыдэкІрэ игу щыпсэхуу Тхьэм дызэхигъэт!

***Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ* ХЬЭФЫЦІІЭ Мухьэмэд**: - Мэкъуауэгъуэм и 12-р 1994 гъэм къэрал махуэшхуэу яГъэувауэ щытащ. Илъэсиплкіэ нэхъ пасэу Іэ щІадзащ ди къэралым и гъащІэщІэм лъабжьэ хуэхъу дэфтэрым - Урысейм и къэрал щхьэхуитныгъэм теухуа декларацэм. А махуэр, 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-р, къэралыгъуэщІэм и къэжьапІэу жыпІэ хъунущ. Апхуэдэ лъабжьэм и мыхьэнэр щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныгъ, я хабзэм, щхьэкІэзэм зрагъэужьыныжьмкІэ защІэгъэкъуэныгъ, лъэпкъ къэс я хъуГуэфІыгъуэхэр яхъумэжьныжьмкІэ хуитныгъэ етыныгъ.

Иджыблагъэ УФ-м и Президент Путин Владимир зэрыщытым нэмыщІи, Хьэсэн нэгъуэщІ Іуэху Іэджэми дахьэх. Псалъэм папщІэ, дэ дощІэ ар изобретателу зэрыщытыр, патентхэр зэриІэр. Москва къыщыкІуам и деж дэ абы дыдэгушыІэу доупщІ: «Сыт аргуэру къэбгупсысар?»

Хьэсэн Іуэху къарзнэ кърихьэжьащ: ар щыпажьэ журналым ди къэралым и нэгъуэщІ республикахэм, щІыналъэхэм я тхыгъэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр къытрырегъадзэ, абыкІэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэр я тхыгъэкІэ зэкъуэт ищІу, зэришалІэу.

Иджыпсту тхьилъ къыдэбгъэкІыну егъэлеяуэ гуГъуэ хъуащ. Журнал къыдэбгъэкІыныр лІыхъужьыгъэщ. Урысей тхакІуэхэм я правленэм къэкІуауэ Тхьэзэплъыр ди газетхэм, журналхэм еплъащ, зэрадзэкІауэ абы итхэр илъагъури, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къыхэкІа тхакІуэхэу щІэджыкІакІуэхэм яГу ирихьэм я ІэдакъэщІэкІхэр къытрырегъадзэ, абыкІэ езыми урысыбзэкІэ къытрыригъадзэну жиІащ. Иджы мис сэ сІэщІэлъщ Тхьэзэплъыр зи редактор нэхъыщхьэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и зы номер. Абы итщ Урысейм и тхакІуэу блым я ІэдакъэщІэкІхэр. Ди правленэм ар щапхъэу къищтэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстэным, нэгъуэщІ щыпІэхэм къратыкІ я тхыгъэхэр ди журналхэм къытредгъадзэну мурад тщІащ. Апхуэдэу щыпІэхэм къыщыдэкІ журналхэм «ЛКБ»-р яхудогъэхь, ар сыткІи щапхъэщи. Урысейм къыщыдэкІ дэтхэнэ журналми и гьунэгъу тхакІуэм зы напэкІуэщІ нэхъ мыхъуми хуиІэ, зы нэхъыбжьу дызэрыщІыхунущ. Абы я фейдэ хэльщ щІэджыкІакІуэхэмри.

Тхьэзэплъ Хьэсэн Урысейм и махуэмкІэ сохъуэхъу, си гуапэщ абы иджыри тхылъ куэд къыдигъэкІмэ, гукъыдэж иІэрэ бэшэчагъэ хуриКІуу и журналым къыхэтхэхэм ядэлажьэмэ, сыт хуэдиз гугъуэкъ иримыкъэІэмэ, «ЛКБ»-р хьфІимыдзэжьну. Сэ сощІэ апхуэдэ журнал къыдэбгъэкІын щхьэкІэ республикэм и унафэщІэхэр къыбдэІэпыкъун зэрыхуейр. Икіи быдзу си фІэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ щІэгъэкъуэн абы зэрыщигъэтыр, дяпэкІи зэрыщигъэтынущ.

ДУДЧЕНКЭ Светланэ,
Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым и консультант.
Москва къалэ

● ДифІ догъэлъапІэ

ЕхъулІэныгъэ лъагэ

Республикэм и Іэщ1агъэл1 пажхэхэм ящыщщ техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Экологиемрэ гъащІэм и шынагъуэншагъэмкІэ дунейпсо академием, Транспортмкіэ Урысей академием я академик Зэкіуерей Аслъэн ФуІэд и къуэр. Зэкіуерейр Ипщэ федеральнэ щІыналъэм и ЩІэныгъэлІхэмрэ къэхутакІуэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и президентщ, апхуэдэуи Транспорт ІэнатІэм зегъэужьыныкІэ инженернхэм я дунейпсо ассоциацэм и унафэщІщ.

ЗэкІуерей Аслъэн Бахьсэн районым хьыхь Дыгулыбгъуей къуажэм 1952 гъэм къыщалъхуащ. Набдзэгубдзаплъэу, ерджэнщ фІэфІу, спортым дикъэбгъу къэхъу щІалэм екъулІэныгъэкІэ кьиухащ курыт школыр, арщхьэкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыным хунэмысу, дзэм ираджащ, къэралым къулькъу хуищІэну. Щыіхь зыпылъ а къалэнэр екІуу зэфІэзыха Аслъэн езым хуэдэ щІалэгъуалэ жыджэрхэм, Іэчлъэчхэм яхэту щылэжьащ Байкал-Амур гъущІ гъуэгу ухуэныгъэм. Иужькіэщ ар щыхунэсар и хъуэпсапІэр зригъэхъулІэным. 1978 гъэм Зэкіуерейм фІы дыдэу кІиухащ Хабаровск дзт политехникэ институтыр.

Физкультурэмрэ спортымрэ зи Іэпэгъуу къэтэджа адыгэ щІалэщІэм а уиэтІныгъэмкІи екъулІэныгъэхэр зыІэригъэхьащ. Ар хэтащ Урысей Федерацэм самбэмкІэ и командэ кьыхэхам, СССР-м спортымкІэ и мастер хъуащ. Хабаровск крайм и «Буревестник» спорт зэгухьэныгъэм самбэмкІэ и тренер нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкІэ щылэжьащ.

ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щІалэщІэм щыгъэгъуэнащ ЗэкІуерей Аслъэн и щхэхэм нэхъри зыщигъэгъуэзэну икІи 1980 гъэм ар щІэтІысхьащ Киев дзт автомобиль-гъуэгу институтым (КАДИ) и аспирантурэм. Студент илъэсхэм, абы къыкІэлъыкІуэ гъэхэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр я лъабжьэу абы зэман кІэщІым кІурыбудэу игъэхьэзыращ и лэжьыгъэр. Ар екъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ икІи техникэ щІэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Аслъэн а лъэхъэнэм зэфІихэ къэхутэныгъэхэм ящыщ зыбжанэ «Киеввуэзнаньгъэтранс» Іуэхущ1апІэм, апхуэдэу Чернобыль АЭС-р къыщыуам абы щагъэхІуэкІа зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэми щэщІауэ къыщагъэсэбэпауэ щытащ.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм я пщІдзэм Зэкіуерейм къэгъэзэжащ щалъхуа щІыналъэм. Куэд дэмыкІыу абы къызэІуихащ щІэныгъэ-производствэ Іуэхущ1апІэ ин, Тырныауз дзт вольфрам-молибден комбинатым и промышленнэ кІэрыхуэбжьэрыхуэм уазэрелэжьын, щІыхуэм транспорт Іуэхутхьэбзэхэр республикэм и кІэуцІкІэ, гьунэгъу щІыналъэхэм зэращыхуэпщІэн технологиещІэхэр я лъабжьэу.

Хэкупсэ нэсу щыт Зэкіуерейр дапщащи йолІалІэ ди щІыналъэм лъэпощхьэпоуншэу зэрызиужьыныр. Абы зэхилъхьащ КъБР-р кризис лъэхъэнэм нэхъ тыншу къызэрикІыным ехьэлІа программэ (1992), республикэм и гъуэгу-транспорт ІэнатІэр егъэфІэкІуэным епха план хэха (1994), Кавказ Ищхьэрэм и рекреацэ-бальнеологие, курорт-турист щІыпІэхэм зэрызегъэужьыныпхъэ проект купщІафІэхэр (1995), нэгъуэщІхэри.

ЩІэныгъэлІ Іэзэм, къэхутакІуэ емызэшым дзыхь къыхуащІащ икІи къызыхуэтыншэу ирихьэкІащ къэрал къулькъу лъагэхэри. 1994 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэси 5-кІэ Зэкіуерейр щытащ КъБР-м и Правительствэм Украинэм щІэ Представительствэм и полномочие лІыкІуэу. А зэманым къурыдыдэу хэпщІыкІыу ефІэкІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Украинэмрэ яку дэлъ политикэ, экономикэ, щІэныгъэ, спорт зэпыщІэныгъэхэр.

Сочэ къалэр Олимп Джэгуэш щыхуаГъэхьэзырым, профессор Зэкіуерей Аслъэн илъэси 3-м щІигъукІэ лэжьащ щІыпІэм зэгъуэжьныкІэ Іэнатіэм и пашэу. Апхуэдэ къалэнэр абы пщэрылъ къыхуищІащ Дунейпсо олимп комитетым (МОК).

Транспорт техникэщІэмрэ технологиехэмкІэ «ТАЙССИС» проект компаниеи и конструктор нэхъыщхьэ Зэкіуерейм и иужьрей къэхутэныгъэхэр тегъэпсыхьащ Ищхьэрэ щІыналъэ Жыжьэмрэ Сыбырымрэ я псыпцІэ щІыпІэхэм гъэузу зэрызыщыкъуэдиипхъэ Іуэхугъуэхэм. Аха щащ лъабжьэ хуэхъуар щІэныгъэлІым и доктор диссертацэм.

Апхуэдэ щІэныгъэ лэжьыгъэу, тхыгъэ щхьэхуэу 80-м нэс и къалэмыпІэм къыпыкІащ Зэкіуерейм. Абы къигупсыса Іэмэпсымэхэм ди къэралми нэгъуэщІ щыпІэхэми щІэупщІэшхуэ щаІэщ.

ЩІэныгъэлІ Іэзэм зэфІих апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэм къэрал гулъытэ ини игуэтащ. Мызэ-мытІэу абы къыхуагъэфэщащ дамытэгъ лъапІэхэр, щІыхь, щытхъу тхылъхэр. Абыхэм иджыблагъэ къахэхуащ «ЩІыхьым и вагъуэ» дыщэ орденыр. Ар къыбгъэдкІащ ООН-м и дэж Экологие шынагъуэншагъэмкІэ щылажьэ дунейпсо академием.

Жьыджэрагъышхуэ зыхэлъ хэкупсэм, ихъуреягъкІэ щекІуэкІ Іэзэхуэм папщІэ жэуаплныныгъэ зыхэзэщІэ цІыху пэрытым, щІэныгъэлІ икІи къэхутакІуэ цІэрыІуэм къыхэзыкІа лъэпкъым, ди къэралым яфІ къызэрыкІ ІуэхугъуэфІ куэд иджыри зэфІихьну, гьащІэм и хъуГуэфІыгъуэ нэхъыщхьэу илъытэ и бынхэу Мадинэ, Іэдэм, Азрэт сымэ я гуфІэгъуэ илъагъуу псэуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Тхьэзэплъ Хьэсэн лъэпкъхэр зэхуегъадэ

Тхьэзэплъ Хьэсэнэр сэрэ лІэщІыгъуэ Іыхьэ планэ хъуауэ дызэрощІыху. Занщ1эуи ныбжьэгъу дызэхуэхъащ. Ди комиссэр «Малеевка» Творчествэ унэм щыхэплъэрт союзым хагъэхьэнухэм я тхыгъэмэ. Абыхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гупи. А зэманым Тхьэзэплъ Хьэсэн КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщІу лажьэрти, зи документ кІыхьа щІалэхэм хуабжьу ятегуэзвыхьыт. Сыт хуэдиз гупагъ, щабагъ хэлъу ятепсэлъыхьырэт ар усакІуэхэм, тхакІуэхэм.

ТХЬЭЗЭПЛЪЫМ псоми я Іуэхур ядИыгъырт: рецензентхэм къакІэлъикІуэныр, зи Іэдакъэщ1экІ хэплъэхэм ятха тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэм къаухуеджэрт - абы щыгъуэ ар езыри комиссэм хэтт. Ауэ комиссэм хэкІыжа нэужьи ар сыт щыгъуи къыддэлэжьащ, нэхъ гумызагъэ быдэхэм ящыщу.

Дэ дощІэ Хьэсэн и гъащІэми и творчествэми фІагъ куэд зэрыхэлъыр. Теплъэкіэ ар щІыху тКІийуэ къыщыпхъуми, псалъэ щабэхэр и Іэдакъэ къыщІокІ.

Ауэ, нэхъ тщІэгъуэныжьраци, усакІуэу зэрыщытым нэмыщІи, Хьэсэн нэгъуэщІ Іуэху Іэджэми дахьэх. Псалъэм папщІэ, дэ дощІэ ар изобретателу зэрыщытыр, патентхэр зэриІэр. Москва къыщыкІуам и деж дэ абы дыдэгушыІэу доупщІ: «Сыт аргуэру къэбгупсысар?»

Хьэсэн Іуэху къарзнэ кърихьэжьащ: ар щыпажьэ журналым ди къэралым и нэгъуэщІ республикахэм, щІыналъэхэм я тхыгъэхэм я ІэдакъэщІэкІхэр къытрырегъадзэ, абыкІэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэр я тхыгъэкІэ зэкъуэт ищІу, зэришалІэу.

Иджы мис сэ сІэщІэлъщ Тхьэзэплъыр зи редактор нэхъыщхьэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и зы номер. Абы итщ Урысейм и тхакІуэу блым я ІэдакъэщІэкІхэр. Ди правленэм ар щапхъэу къищтэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстэным, нэгъуэщІ щыпІэхэм къратыкІ я тхыгъэхэр ди журналхэм къытредгъадзэну мурад тщІащ. Апхуэдэу щыпІэхэм къыщыдэкІ журналхэм «ЛКБ»-р яхудогъэхь, ар сыткІи щапхъэщи. Урысейм къыщыдэкІ дэтхэнэ журналми и гьунэгъу тхакІуэм зы напэкІуэщІ нэхъ мыхъуми хуиІэ, зы нэхъыбжьу дызэрыщІыхунущ. Абы я фейдэ хэльщ щІэджыкІакІуэхэми.

Тхьэзэплъ Хьэсэн Урысейм и махуэмкІэ сохъуэхъу, си гуапэщ абы иджыри тхылъ куэд къыдигъэкІмэ, гукъыдэж иІэрэ бэшэчагъэ хуриКІуу и журналым къыхэтхэхэм ядэлажьэмэ, сыт хуэдиз гугъуэкъ иримыкъэІэмэ, «ЛКБ»-р яхьфІимыдзэжьну. Сэ сощІэ апхуэдэ журнал къыдэбгъэкІын щхьэкІэ республикэм и унафэщІэхэр къыбдэІэпыкъун зэрыхуейр. Икіи быдзу си фІэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ щІэгъэкъуэн абы зэрыщигъэтыр, дяпэкІи зэрыщигъэтынущ.

ДУДЧЕНКЭ Светланэ,
Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым и консультант.
Москва къалэ

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 12, *мэрем*

♦Урысейм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал суверенитетым и Декларацэр къащтащ.

♦Сабийхэр яГъэлажьэу мыдэным и дунейпсо махуэщ

♦1942 гъэм Зеикъуэ къуажэм (КъБАССР) щакъэІэпхъуат Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

♦1945 гъэм Калинин М. И. Кремлым Маршал Жуков Г. К. щритащ Совет Союзым и ЛІыхъужьым и ещанэ Дыщэ Вагъуэр.

♦1990 гъэм «Печатьымрэ цІыхубз хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ ятеухуауэ» Законыр СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ. Абы цензурэр игъэкІуэдыжащ.

♦1991 гъэм Урысейм щыяпэу президент хэхыныгъэхэр щызэхэтащ.

♦Драматург, АР-м и цІыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ и артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мурат Чапай** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуамкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэпІалъэкІэрэ уэшх къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 – 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 13, *щэбэт*

♦УнэлъащІэ зыщІым и махуэщ

♦1936 гъэм Къэбэрдей къэрал лъэпкъ драмэ театрыр къызэІуахащ.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Искусствоведенэм и доктор, профессор, ЩІДАА-мрэ Тыркумэн Республикэм щІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ я академик, Тыркумэн консерваторэм и проректор **Абыкъу ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Шэрджэс езджагъэшхуэ, ветеринар щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Аргун МуІэед** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Хъуакіуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуамкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Ар хэтащ Урысей Федерацэм самбэмкІэ и командэ кьыхэхам, СССР-м спортымкІэ и мастер хъуащ. Хабаровск крайм и «Буревестник» спорт зэгухьэныгъэм самбэмкІэ и тренер нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкІэ щылэжьащ.

ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щІалэщІэм щыгъэгъуэнащ щалъхуа щІыналъэм. Куэд дэмыкІыу абы къызэІуихащ щІэныгъэ-производствэ Іуэхущ1апІэ ин, Тырныауз дзт вольфрам-молибден комбинатым и промышленнэ кІэрыхуэбжьэрыхуэм уазэрелэжьын, щІыхуэм транспорт Іуэхутхьэбзэхэр республикэм и кІэуцІкІэ, гьунэгъу щІыналъэхэм зэращыхуэпщІэн технологиещІэхэр я лъабжьэу.

Хэкупсэ нэсу щыт Зэкіуерейр дапщащи йолІалІэ ди щІыналъэм лъэпощхьэпоуншэу зэрызиужьыныр. Абы зэхилъхьащ КъБР-р кризис лъэхъэнэм нэхъ тыншу къызэрикІыным ехьэлІа программэ (1992), республикэм и гъуэгу-транспорт ІэнатІэр егъэфІэкІуэным епха план хэха (1994), Кавказ Ищхьэрэм и рекреацэ-бальнеологие, курорт-турист щІыпІэхэм зэрызегъэужьныпхъэ проект купщІафІэхэр (1995), нэгъуэщІхэри.

ЩІэныгъэлІ Іэзэм, къэхутакІуэ емызэшым дзыхь къыхуащІащ икІи къызыхуэтыншэу ирихьэкІащ къэрал къулькъу лъагэхэри. 1994 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэси 5-кІэ Зэкіуерейр щытащ КъБР-м и Правительствэм Украинэм щІэ Представительствэм и полномочие лІыкІуэу. А зэманым къурыдыдэу хэпщІыкІыу ефІэкІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Украинэмрэ яку дэлъ политикэ, экономикэ, щІэныгъэ, спорт зэпыщІэныгъэхэр.

Сочэ къалэр Олимп Джэгуэш щыхуаГъэхьэзырым, профессор Зэкіуерей Аслъэн илъэси 3-м щІигъукІэ лэжьащ щІыпІэм зэгъуэжьныкІэ Іэнатіэм и пашэу. Апхуэдэ къалэнэр абы пщэрылъ къыхуищІащ Дунейпсо олимп комитетым (МОК).

Транспорт техникэщІэмрэ технологиехэмкІэ «ТАЙССИС» проект компаниеи и конструктор нэхъыщхьэ Зэкіуерейм и иужьрей къэхутэныгъэхэр тегъэпсыхьащ Ищхьэрэ щІыналъэ Жыжьэмрэ Сыбырымрэ я псыпцІэ щІыпІэхэм гъэузу зэрызыщыкъуэдиипхъэ Іуэхугъуэхэм. Аха щащ лъабжьэ хуэхъуар щІэныгъэлІым и доктор диссертацэм.

Апхуэдэ щІэныгъэ лэжьыгъэу, тхыгъэ щхьэхуэу 80-м нэс и къалэмыпІэм къыпыкІащ Зэкіуерейм. Абы къигупсыса Іэмэпсымэхэм ди къэралми нэгъуэщІ щыпІэхэми щІэупщІэшхуэ щаІэщ.

ЩІэныгъэлІ Іэзэм зэфІих апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэм къэрал гулъытэ ини игуэтащ. Мызэ-мытІэу абы къыхуагъэфэщащ дамытэгъ лъапІэхэр, щІыхь, щытхъу тхылъхэр. Абыхэм иджыблагъэ къахэхуащ «ЩІыхьым и вагъуэ» дыщэ орденыр. Ар къыбгъэдкІащ ООН-м и дэж Экологие шынагъуэншагъэмкІэ щылажьэ дунейпсо академием.

Жьыджэрагъышхуэ зыхэлъ хэкупсэм, ихъуреягъкІэ щекІуэкІ Іэзэхуэм папщІэ жэуаплныныгъэ зыхэзэщІэ цІыху пэрытым, щІэныгъэлІ икІи къэхутакІуэ цІэрыІуэм къыхэзыкІа лъэпкъым, ди къэралым яфІ къызэрыкІ ІуэхугъуэфІ куэд иджыри зэфІихьну, гьащІэм и хъуГуэфІыгъуэ нэхъыщхьэу илъэс и бынхэу Мадинэ, Іэдэм, Азрэт сымэ я гуфІэгъуэ илъагъуу псэуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дерс къыхах

Нартхьалэ дэт «Алёнушка» сабий садым и лэжьакІуэхэр иогугъу я гъэсэнхэр гулъытэрэ гущІэгъуэрэ яхэлъу къагъэтэджыным.

МЫ МАХУЭХЭМ садым и гъэсакІуэхэри сабийхэри зэгъуэгу щыІащ Нартан сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ щыпсэу интернатым. Интернатым и пшэшхуэм хьщІэхэм щагъэлъэгъуащ «Дыгужьмырэ бжэн щІыкІуэмрэ» таурыхъым къытращІыкІа театр теплъэгъуэр.

Къарагъэзгъэну абы и кІэухым халъхьа зэхъуэкІыныгъэ мащІэр псом зэкъуэту яГу ирихьэпат щІыкІуэхэм: бжэнхэм я «нэхъыщІэ» дыдэм ирагъэщІащ гъуэгум зэрыпсэлъыныр хабзэхэр. Абы еплъа сабийхэми нэхъыжьхэми дерс кІэзэрыхахам шэч хэлъкъым.

Интернатым щыІэ щІыкІуэмрэ сабий садым икІахэмрэ зэдзэджэгуащ, къызэдэфащ.

Я нэгу зрагъэужьа нэхъ щыжьІэхэр интернатым щыІэхэм яхуэупсащ зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ Іэфыкіэхэмкіэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Генерал-майор Нэхущ Борис (Мырзэбэч)

Къущхьэ КІыщыкъуэ

Согуэ Цоцэ

Щомахуэ Мыхьмуд

Бырс Анзор

Зи лІыгъэм уэрэд хуэфащэхэр

ХьэтІохъущыкъуей Ипщэ
1615 - 2015
Зеикъуэ къуажэ

Зеикъуэ дэкІри Хэку зауэшхуэм хэтащ цІыху миным щІигъу, абыхэм ящыщ куэдым дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ.

Нэхущ Борис (Мырзэбэч) Мэрем и къуэр (1923 - 1999 гъгъ.) сэлэт къызэрыгуэкІыу 1941 гъэм зауэм кІуэри батальоным и командиру ар иухащ. Нэхущыр щыІэзауад Ленинград деж, Индыл Іуфэ, Курск и Іэгъуэблагъэхэм, Берлин нэсащ. Ар яхэтащ Украинэр, Белоруссиер, Прибалтикэр хуит къэзыщІыжахэм, лІыгъэшхуи кІиІэлъэгъуащ.

Зауэ нэужькІи Фрунзе М. В. и цІэр зезыхьэ дзэ академие нэхъыщхьэр кІиухащ, штабым и Іэтащхьэу, полкым, дивизэм я командиру, армэм и штабым и унафэщІым и кІуэдзэу щытащ. 1970 гъэм абы къыфІащащ генерал-майор цІэр. Хэку зауэшхуэм щыІэзрихьа лІыгъэм, иужькІи командир хахуэу зыкъыІэзэригъэлъэгъуам папщІэ Нэхущ Борис къратащ Бэракъ Плъыжь орденитІ, Хэку зауэ орденым и япэ нагьыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденищ, «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуГэ» орденыр, медаль куэд.

Й узынщагъэр зэрызэкІэлъымыкІуэм къыхэкІкІэ 1979 гъэм ар дзэм къыхэкІыжащ. Зауэм, Лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, зыхъумэжьныгъэм и органхэм я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Советым и тхьэмадзэ лэжьащ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым и нэгу щІэкІаХэрщ зытеухуар Нэхущым урысыбзэкІэ итха «Фіэхъус, Бахъсэн!» трилогиер. Нэхущым и цІэр зэрехьэ Зеикъуэ ещанэ курыт школым, Налшык и уэрамхэм ящыщ зым.

Къущхьэ КІыщыкъуэ Сэхьид и къуэм (1923 - 1998 гъгъ.) 1942 гъэм и пэщІэдзэм зауэ училищэ кІиухащ. Лейтенант щІалэр взводым и унафэщІу яГэуващ. Ар зыхэта зенитно-артиллерие дзэ пакІэм бийм и кхъухьлъатэ 20-м щІигъу кІуридыхащ. Абы щхьэкІэ Къущхьэм къратащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

1944 гъэм екІуэкІа Яссы-Кишинёв зэхэуэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ КІыщыкъуэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагъыщІэр. Будапешт къыщащтэм КІыщыкъуэ и батареем нэмыцІэ хъухьлъатэ 15-м іурилъхащ. Абы папщІэ Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщІэр адыгэлІ хахуэм къратащ.

Зауэ нэужькІи Къущхьэ КІыщыкъуэ зэфІигъэкІа лэжьыгъэшхуэхэм къапэкІуащ Гуащіэдэкі Бэракъ Плъыжь орденитІ, «ЦІыхь Дамыгъэ», «Лъэпкъэм я зэныбжьэгъуГэ» орденхэр, медаль зыбжанэ.

1947 гъэм щыщІэдзауэ Къущхьэ КІыщыкъуэ унафэщІ къулыкъухэм жьыдзэру пэрытащ. Іуащхьэмахуэ районым парт лэжьыгъэм щыщІидзащ. КПСС-м и Тэрч райкомым и апэ секретару, партым и обкомым и мэкъумэш къудамэр Іэщіэлъу абы и секретару лэжьащ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщым и апэ къуэдзэу илъэсихкІэ, итІанэ илъэс 15-кІэ абы и тхьэмадзэу щытащ. Ар хахащ КъБАССР-м, РСФСР-м, СССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату, XXI, XXIV парт съездхэм, колхозхэтхэм я III съездым и лІыкІуэу къагъэлъэгъуащ.

Шыд Нухь Льостэнбэч и къуэм (1915 - 1970 гъгъ.) 1935 гъэм Псыхэабэ къыщыухащ педучилищэ, абы и ужькІэ Зеикъуэ щыІэзауад Ленинград деж, Индыл Іуфэ, Курск и Іэгъуэблагъэхэм, Берлин нэсащ. Ар яхэтащ Украинэр, Белоруссиер, Прибалтикэр хуит къэзыщІыжахэм, лІыгъэшхуи кІиІгъэлъэгъуащ.

Зауэ нэужькІи Фрунзе М. В. и цІэр зезыхьэ дзэ академие нэхъыщхьэр кІиухащ, штабым и Іэтащхьэу, полкым, дивизэм я командиру, армэм и штабым и унафэщІым и кІуэдзэу щытащ. 1970 гъэм абы къыфІащащ генерал-майор цІэр. Хэку зауэшхуэм щыІэзрихьа лІыгъэм, иужькІи командир хахуэу зыкъыІэзэригъэлъэгъуам папщІэ Нэхущ Борис къратащ Бэракъ Плъыжь орденитІ, Хэку зауэ орденым и япэ нагьыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденищ, «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуГэ» орденыр, медаль куэд.

Й узынщагъэр зэрызэкІэлъымыкІуэм къыхэкІкІэ 1979 гъэм ар дзэм къыхэкІыжащ. Зауэм, Лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, зыхъумэжьныгъэм и органхэм я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр Советым и тхьэмадзэу лэжьащ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым и нэгу щІэкІаХэрщ зытеухуар Нэхущым урысыбзэкІэ итха «Фіэхъус, Бахъсэн!» трилогиер. Нэхущым и цІэр зэрехьэ Зеикъуэ ещанэ курыт школым, Налшык и уэрамхэм ящыщ зым.

Къущхьэ КІыщыкъуэ Сэхьид и къуэм (1923 - 1998 гъгъ.) 1942 гъэм и пэщІэдзэм зауэ училищэ кІиухащ. Лейтенант щІалэр взводым и унафэщІу яГэуващ. Ар зыхэта зенитно-артиллерие дзэ пакІэм бийм и кхъухьлъатэ 20-м щІигъу кІуридыхащ. Абы щхьэкІэ Къущхьэм къратащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

1944 гъэм екІуэкІа Яссы-Кишинёв зэхэуэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ КІыщыкъуэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагьыщІэр. Будапешт къыщащтэм КІыщыкъуэ и батареем нэмыцІэ хъухьлъатэ 15-м іурилъхащ. Абы папщІэ Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагьыщІэр адыгэлІ хахуэм къратащ.

Зауэ нэужькІи Къущхьэ КІыщыкъуэ зэфІигъэкІа лэжьыгъэшхуэхэм къапэкІуащ Гуащіэдэкі Бэракъ Плъыжь орденитІ, «ЦІыхь Дамыгъэ», «Лъэпкъэм я зэныбжьэгъуГэ» орденхэр, медаль зыбжанэ.

1947 гъэм щыщІэдзауэ Къущхьэ КІыщыкъуэ унафэщІ къулыкъухэм жьыдзэру пэрытащ. Іуащхьэмахуэ районым парт лэжьыгъэм щыщІидзащ. КПСС-м и Тэрч райкомым и апэ секретару, партым и обкомым и мэкъумэш къудамэр Іэщіэлъу абы и секретару лэжьащ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщым и апэ къуэдзэу илъэсихкІэ, итІанэ илъэс 15-кІэ абы и тхьэмадзэу щытащ. Ар комбинатым щылэжьащ.

Зауэ лъэхъэнэм цІыхухъухэм зыкъыкІэрамыгъэхуу бийм пэщІэтащ цІыхубз куэд. Абыхэм ящыщщ Зеикъуэ нысэу къуажэм щыпсэуа **Мэршэнкъул Феня**. А цІыхубз хахуэр зэкъым-тІэуэкъым псэзэпылъхьэпІэжэм зэрихуар, ауэ къэмыланджэу фашистхэм япэщІэтащ, дамыгъэ лъапІэхэри къратащ.

Согуэ Цоцэ Батырбэч и пхъум (1914 - 1991 гъгъ.) къикІуа гъуэгуанэр хэти зытемыкІытыхьнщ. Налшык дэрбэзр фабрикэм щылажьэу, 1942 гъэм и мазаем ар щІолъэІури зауэм макІуэ. 2-нэ Таман дивизэм и 6-нэ фочауэ полкым саниндструктору хагъэхьэ. Цоцэ яхэтащ Налшык, Псыхуабэ, Армавир, Краснодар, нэгъуэщІ къалэхэри хуит къэзыщІыжахэм. Абы щхьэкІэ «За оборону Кавказа» медалыр къратащ.

Саниндструктор мышынэр, уІэгъэхэр ипхэ къудейм къыщымынэу, зэхэуэ гуащІэхэм хэхуэрт, тІасхъэщІэхи мызэ-мытІэу кІуэрт. Ар Берлин нэсащ. Зэрихьа хахуэгъэм папщІэ Согуэм къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденыр, «За отвагу» медалыр, нэгъуэщІ дамыгъэхэри.

Зауэ нэужьым мамыр лэжьыгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ Согуэ Цоцэ къратащ Ленин орденыр.

Сыжажэ Хъусен ТІатЫм и къуэр (1914 - 1999 гъгъ.) 1936 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ, полк школыр къиухащ, итІанэ частым и политрукым и къуэдзэу яГэуващ, Дзэ къулыкъур иуха нэужь, ВПКСМ-м и Бахъсэн райкомым и япэ секретару хахащ. ИужькІэ Сыжажэр ди республикэм и къэралыкъуэу органхэм хагъэхьащ, Тэрч, Бахъсэн районхэм милицэм и къудамэхэм я унафэщІу щылэжьащ.

Сыжажэ Хъусен 1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м Ут Плъыжьым щекІуэкІа парадым хэтащ. Москва лІыгъэ хэлъу зэрихьумам папщІэ Вагъуэ Плъыжь орден къратащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм нэмыцІ фашистхэр къыщихьам партизанхэм я тІасхъэщІэхьу лэжьащ, 37-нэ армэм и унафэщІхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ хъыбархэр яІэзэрыгъэхьащ. Абы папщІэ дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ.

Зауэ нэужьым Сыжажэ Хъусен ди республикэм и къэрал кІуэцІ органхэм, партм, хозяйствэ ІэнатІэхэм щылэжьащ.

Щомахуэ Исуф КІэтІутІ и къуэр Совет Союзым и ЛІыхъжь Заслонов Константин и партизан гупым хэтащ, псэзэпылъхьэпІэ куэдым ихуащ. Псыхуабэ рабфак къыщыдзыуха Щомахуэр 1938 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ. Зауэм щыщІидзам, полк школыр къэзыуха щІалэр Смоленск къалэм щыІэт взводым и командиру.

Оршэ гъущІ гъуэгу станцым пэмыжьжьэу, Куповалъ мэзым хэс къуажэ щыкІу гъэрым партизанхэр дэст. А къуажэм Щомахуэ Исуф я пашэу щыхуибл хъумакІуэу къыдэнэри, адрейхэр кьалэныщІэ яІэу ежьащ. Нэмыцэ тІурытІ-щырыщ ярысу шыгу зыбжанэ къакІуэу щалъагъум, Исуф и унафэкІэ унащхьэхэм зрагуэщащ. ЯкуэзанщІэ щыхъум, шыгуэр мафІэ зэхуакум къыдэхутащ. КІуапІэ щамагъуэтым, бийм зыкъатащ...

Украинэр фашистхэм къыщыІэщІагъэкІыжым, Щомахуэм тІасхъэщІэх взводым и унафэр къыІэщІалъхьащ. 1944 гъэм Щомахуэм тІэунейрэ къыхуагъэфэщащ «За отвагу» медалыр. Кёнигсберг къыщащтэм зэрихьа лІыгъэм папщІэ Бэракъ Плъыжь орденыр, «За отвагу» медалыр къратащ.

Хэку зауэшхуэм и гъэгуанэ хьэлъэр зэпачащ Зеикъуэ щыщ куэдым. Щхьэмыгъаззу бийм япэщІэтащ **Шэфийхэ Хьэчим, Хьэсэн, Дыкъынэ Зураб, Щомахуэхэ Мыхьмуд, Абдурэхьим, Льостэн, Мэршэнкъулхэ Хьэбалэ, Лэбий, ХьэвцІыкІу Барэсбий, Соблыр ФуІэд, Бырс Анзор, Сбаншы Мущтэфар, Джэтау Льосэн, Унэжхэ Наурыз, Мусаб, Шорэхэ Чашиф, ФІыцІэ, Щауэ Барэ, Хьэмырзэхэ Чашиф, Льостэнбий, Къалмыкъ ТІымэ, Абазэхэ Іэдэм, Іэмин, АбытІэ Исуф, ЛІизэм Хьэмид, Токъумакъэх Мухьэмэт, Хьидэ, ХьэфыцІэ Хьэзиз** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Унагъэ куэдым цІыху зыбжанэ ярфІакІуэдащ. Псалъэм папщІэ, **Къалмыкъ Дзадзу** и къуэху **ПынтІэ, Даут, Барэсбий, Мухьэмэт, Къарэ** сымэ биишэм ихьащ. Нэхъыжьхэм къагъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэм щІалэгъуалэм къыпащэ. Апхуэдэщ **Жылау Суфэдин Хьэжмурат и къуэр**, 1959 гъэм псым хэхуа щІалэ цІыкІур кьригъэлъи щхьэкІэ зи псэр зытар. Зэрихьа лІыгъэм папщІэ зауэлІ щІалэм Вагъуэ Плъыжь орденыр къратащ. Шумиловскэ курыт школым (Ленинград областым хохьэ) и пионер организацэм Жылау Суфэдин и цІэр фІащащ.

Шорэ Хьэсэн Исмел и къуэр (1949 - 2003 гъгъ.) милицэм и полковникыу, КъБР-м и Парламентым и депутату, Налшык къалэм щыхь зиІэ и цІыхуу щытащ. Зэрихьа лІыгъэм папщІэ абы къратащ «И хахуагъэм папщІэ» орденыр.

Зеикъуэ щыщ щІалэ зыбжанэ Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэтащ. Абы лІыгъэ хъыщагъэлъэгъуащ Вагъуэ Плъыжь орденыр зратахэу **ЛІизэм Замир Мусэбий и къуэм, Мэршэнкъул Іэуес Хьэчим и къуэм**.

Къущхьэ Хьэсэдин Хьэмидбий и къуэр 1995 гъэм Шэшэным щызэкІуэдащ. Зэрихьа лІыгъэм папщІэ къыхуагъэфэщащ ЛІыхъужьыгъэм и орден. Хьэсэдин и цІэр фІащащ езыр щыпсэуа уэрамым.

2005 гъэм и шыщхьэуІум щІэпхъаджащІэхэм щапэщІэувам хэкІуэдащ милицэм и лейтенант нэхъыжь **Шыгушэ Тимур**. Къигъэлъэгъуа лІыгъэм папщІэ абы къратащ ЛІыхъужьыгъэм и орден.

АБЫТІЭ Хьэжмурат.

Шэфий Хьэчим

Сыжажэ Хъусен


Токъумакъ Мухьэмэт

ХьэфыцІэ Хьэзиз


Шорэ Хьэсэн

● ТхылъыщІэ

Гува-щІэхами пэжыр сэтей къохъу

Иджыблагъэ Налшык къалэ къыщыдэкІащ «Сила истинного света» тхылъыр. Тхыдэ-дэфтэр тхыгъэхэр зи лъабжьэ зыщІыгъуэр тезухуащ блэкІа лІэщІыгъуэм и 20-30 гъэхэм республикэм гъащІэщІэ щыухуэным жыджэру хэта, иужьыкІэ «ЦІыхубэм я бий» цІэ щынагъуэр фІащу ягъэкІуэда Дыщэкі Хьэбас Хьэцу и къуэм.

ДЫЩЭКІ Хьэбас 1901 гъэм Старэ Крепость къуажэм къыщалъхуащ, къыхуиуха гъащІэ мащІэм ар сытым дежи хущІэкъуащ и сэбэп цІыхухэм яригъэкІыу зэрыпсэуным. Совет властыр ди республикэм къыщысам Хьэбас и ныбжьыкІэ щІалэ дыдэт, апхуэдэу щытми, большевикхэм кърахьэжьа Іэхъуэгъуэхэм я мыхьэнэр зыхуэдэр къыгурыІуат икІи шэч къыприхьэртэжьым а зэманым къэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм ди лъэпкъым фІы къахъырыкІыну. Арати, большевик зэщІэхъееныгъэхэм хьихащ. Дыщэкіри щІалэ акъылыфІэт, гурыхуэт икІи жэрдэмщІакІуэт. Зыпэрыувэ сыт хуэдэ ІэнатІэри нэгъэсауэ зэрызэрихььым хущІэкъуат. Апхуэдэу абы и зэфІэкІхэр къыпльытэри, 1924 гъэм и ГъатхэпІэ маззм Старэ Крепость къуажэм япэу къыщызэрагъэпэща парт ячейкэм и унафэщІу хахащ. 1928 гъэм япэу къуажэм щызэхаубла артелыр колхозу щызэхьхьэм, абы и тхьэмадзу яГэуващ щІалэ жьыджэрыр. КъызэрэпэщакІуэ Іэзэм и фІыгъэкІэ колхозым псынщІэ дыдэу зиужьын щІидзащ. Иджы Дыщэкіым и цІэр куэдрэ фІыкІэ ираІуэрт. Арщхьэкіэ аужьыфІагъэ хэлъу абы зэрихьэ Іэхъуэгэр зигу темыхуэу жагъуэгъуэгэр иІэу зыкъыщІэкІащ. Си къалэнхэр пэжу икІи къэлэлу зезыхьэ Дыщэкіым и цІэр Іейкіэ зэрагъэІун щхьэусыгъуэ ямыгъэуэту зэман гуэркІэ къэкІуэжащ. «Лъыхъуэм къегъуэт» жыхуаІэращи, Хьэбас и дэтхэнэ лъэбакъуэми нафдзэгубдзапІъуэ кІэлъыплъ и жагъуэгъуэм яхуэзэфІэкІащ зэхуахьэса хъыбар нэпцІэкмкІэ абы и гъащІэм ныбжь фІыцІэ трагъэдзэн. А зэманым хабзэ зэрыхьуаІэ, жэщым НКВД-м и лажьакІуэхэр Дыщэкіым и деж къэкІуащ. Унэр щащыкІащ, езыри, зыри кърамыгъащтэу, дашащ. Къуанщагъэ лъэпкъ зэрыбгъэдэмылъыр ищІэжьыри, абы шэч къытрихьэртэжьым псынщІэу къызэригъэзэжьынум. Унэм щыщІэкІым абы и щхьэгъусэ Хьаджэт жриІащ: «Зы щхьэкІи фымыгъазэ, сэ сыкъуанщэсыкІ, куэд дамыкІыу къэзгъэзэжынущ». Ауэ къыгъэзэжыну... НКВД-м и «тройкэм и суд нэпцІым ищІа унафэмкІэ ар «цІыхубэм я бийр» жаІэлъытэри яуклащ. Ар къыщыхьуар 1937 гъэрт, абы щыгъуэм Дыщэкі Хьэбас и ныбжьыр илъэс 36-рэ хьууэ арат.

Мыдрэкіэ бынтэу зыхуэна Хьаджэт, и бгыр щІикъуэзри, ахэр зыхуэй зэрыхуигъэзэным хущІэкъуу псэуащ. Пэжщ, щхьэгъусэми бынхэми къатепсыха гугъуехьыр гъэвыгъафІэтэкъым, абыхэм я фэ дэкІари пхуІэтэнукъым.

- Ди адэр даша нэужь, ди благъэхэми, ди Іунэгъуэхэми я нэхъыбэм я щІыбагъ къытхуагъэзащ, - игу къегъэкІыж Дыщэкі Хьэбас ипхъу Зое. - Зыри къытхІэлъыкІуэртэкъым, ди бжэр къыІуахьи дэнэ къэна, ди унэм къыпакІухьыт. Абыхэм дызэрабгынамкІэ дэ зыри дгъэхъуанщэртэкъым, къыдгурыІуэрт ар псори къызыхэкІыр. Ауэ щыІэт дэ бийуэ дикъэзыльытэхэри. Ди адэм къуажэм дригъэщІыхьауэ щытащ сабий сад. Мис абы дигъэкІуат ди анэм, «Фэ фи гугъу къащІынкъым» жиІэри. Арщхьэкіэ, куэбжэм дыдыхьэн дыхунэмысу, гъэсакІуэр къытпежажьэри дыкъигъэувыІащ. «Фэ мыбы фыкъакІуэ хъунукъым», - пиупщащ абы кІэщІрэ гуузу. Дэ дыцІыкІут, къыдгурыІуэ щыІэтэкъым, ауэ ар сигу кьинащ.

Бынунагъэр гугъэт икІи пэплъэрт захуагъэр наІуэ щыхьэжьыным. Пэжым и лъабжьэ кууми, гува-щІэхами, ар сэтей кьохъу. Хейуэ къыщІэкІащ «цІыхубэм я бий» нэпкъыжьэр зытрадзэу зи гъащІэр зыІэщІаха Дыщэкі Хьэбас.

Иужькіэ, архивхэм щІэлъ дэфтэрхэм цІыхуэр хэпльэну хуит щыхъуэ зэманым, Зое и адэм теухуауэ тхыгъэ куэд къигъуэтыжащ. Абыхэм яхэтт ар хейуэ зэрагъэкІуэдам щыхьэт техьуэ, а къуанщагъэр зылэжьахэм я цІэунэцІэхэр зэрыт тхыгъэхэр. Нэхъыщхьэращи, абыхэм яхэлът Хьэбас пцІы къытралъхьэу зэрауклар 1940 гъэм къызэрыщІэзыдар зэрыт тхыгъэмкІэ. Ауэ ар зэрымыкъуанщэр я унагъуэм илъэс куэдкІэ кърагъэщІакъым. Шэч хэмылъу, унагъуэм я дежкІэ ар етІуанэ удын хьэлъэт. А тхылъымпІэхэр Дыщэкі Хьэбас и унагъуэм дежкІэ куэд и уасэт, ауэ абыхэм я гум телъ дыркъэум зыкІи сэбэп хуэхъужьыфынутэкъым...

Дыщэкі Зое хуэзфІэкІынурати, илъэс 26-кІэ елэжьауэ, и адэм теухуауэ щыІэ тхыгъэхэр, и унагъуэм я гукъэкІыжхэр, архив документхэр зэхуихьэсыжри, мы тхылъыр дунейм къытригъэхьащ. Абы къищынэмыщІауэ, захуагъэр зэрызэфІэувэжам и щыхьэтщ Дыщэкі Хьэбас къыщыхьуа жылэм, иджы Бахъсэн кьалэм, и «Кооператор» хьэблэщІэм и уэрамхэм ящыщ зым абы и цІэр зэрыфІащар.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Пэунэж Залинэ и ехъулІэныгъэ

Анэдэлъхубзэр курыт школхэм щезыгъэджхэм я щІынальэпсо зэпеуэ МэхъэчкІалэ иджыблагъэ щекІуэкІащ. «Сыдэзыхьэхэм я дуней» фІэщыгъэр зиІа зэхьэзэхуэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІынальэмрэ Адыгэ Республикэмрэ щыщ егъэджакІуэ пашэхэр. «Дэ дызэщхьэм хэтыр, ауэ дызэхуэдэщ» къыхуеджэныгъэм щІэту къызэрагъэпэща зэхьэлъэн хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри.

ЗЭПЕУЭР къызэІуихащ Егъэджэныгъэ Іэнатіэхэмкіэ институтым и президент **Кондаков Александр**. Зэхуэсым хэтащ Дагъыстан Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Магомедов Назир**, лъэпкъ политикэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Ильясов Зикрулла**, Дагъыстан Республикэм и Хабзэубзыху Зэхуэсым ЩІэныгъэмкІэ, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Мочаев Абдула**, Дагъыстаным ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ и институтым и ректор **Шахов Шахабас** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Іыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхуэ екІуэкІащ зэхьэзэхуэр. ЕгъэджакІуэхэм утыку кърахьащ къыздикІа щІыпІэхэм я лъэпкъ тхыдэр, щэнхабзэ лъапІэныгъэхэр наІуэ къэзыщІ гъэлъэгъуэныгъэхэр, видеофильмхэр, усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаІащ. Абы и ужькІэ егъэджакІуэхэм ящыщ дэтхэнэми дерс зэІуха итащ, ябгъэдэлъ щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ ягъэлъагъуэу.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр зэфІэкІа нэужь, къэпщытакІуэ гупым ягъэбелджылащ пэрыт хьуа егъэджакІуэхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, «Сыдэзыхьэхэм я дуней» щІынальэпсо зэхъэзэхуэм етІуанэ увыпІэр къыщихьащ ди республикэм икІи, Бахъсэн щІыпІэм хьихь Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Пэунэж Залинэ. Зэпеуэм и щІыхь тхылъым дощІыгъуу Залинэ къыхуагъэфэщащ сом мин 17 хъу ахъшэ саугъэти.

Къыхэдгъэщыщи, Залинэ ипэкІэ хэтащ икІи щьтекІуащ ди республикэм адыгэбзэмкІэ щекІуэкІа зэпеуэ зыбжанэм. Апхуэдэхэщ ар пажэ щыхъуахэу «Си бзэ - си псэ, си дуней» щІынальэпсо фестивалыр, «2015 гъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» зэхьэзэхуэр. Иджырей зэпеуэм Пэунэжым щигъэлъэгъуа дерсыр икъукІэ куп-щІафІэт икІи хьэлэмэтт. «Егупсыс. Ядэгуашэ. Жэуап пы» къыхуеджэныгъэм щІэту абы ита дерсым еджакІуэхэм щагъэзэщІащ щхьэ закъуэ, гуп лэжьыгъэхэри, проект къэхутэныгъэхэри. Залинэ къэпщытакІуэ гупым я пащхьэ ирилъхьащ ди республикэмрэ абы и къалащхьэ Налшыкрэ псомкІи езыгъэщІыжу урок-гъэпсэгъуныгъэ. Абы щхьэхуэу хэтащ хъэбэрдей литературэм и классик Щоджэнцікыкіу Алий теухуа Іыхьи.

Ди егъэджакІуэр щыналъэпсо зэпеуэм хэзфащэу хэтыныжьмкІэ сэбэпышхуэ къыхуэхьуа псомкІи фІыщІэ ин яхуэфащащ. Апхуэдэхэщ егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ егъэджныныгъэ методикэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат **Инчы Ириня**, а кафедрэм и советым хэтхэу, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ Іэзэхэу **Хъуэт Фатіимэрэ** (Нартхьалэ, курыт школ №1) **Къумыкъу Светланэрэ** (Альтуд къуажэ, курыт школ №1), Бахъсэн щІыпІэм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущ щапІэм и унафэщІ **Абрэдж Тамарэ**, а Іэнатіэм и методист **Нанэ Любэ**. Зэпеуэр егъэкІуэкІыныр диІыгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

Пэунэж Залинэ дохъуэхъу зыІэригъэхьа ехъулІэныгъэ ІыгъэмкІэ. Адыгэ лъэпкъым и фІым, и зыужьныныгъэм хуэгъэпса Іэзэу дахэ куэд дяпэкІи зэфІихыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дзэлыкъуэкъуажэ пшыхь



Литературэм и илъэсу мы гъэр зэрыщытыр къалъытэри, Дзэлыкъуэкъуажэ дэт 1-нэ прогимназием Iуэху дахэ иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ. Илъэсым и кIуэцIкIэ ялэжьар зыхуэдэр къапщытэжу адыгэбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ, инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэхэм дерс зэхуэмыдэхэр гъэщIэгъуэну икIи щIэщыгъуэу ирагъэкIуэкIащ.

ГУКЪИНЭЖ тщыхъуахэм ящыщщ гъэсакIуэ **Бабыгуей Эммэ** игъэхьэзыра, «Гъагъэ, ефIакIуэ, си Адыгэ Хэку!» зыфIаща литературэ пшыхьыр. Абы зыкърагъэхьэлIащ къуажэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Щэрмэт Маринэт**, 1-нэ пэщIэдзэ еджапIэ - сабий садым и унафэщI **Шал Любовь**, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, адэ-анэхэм, нэгъуэщIхэми.

Пшыхьыр къызэIуахащ ди усакIуэхэм Хэку зауэшхуэм трауххуа я IэдакъэщIэкIхэмкIэ. Мамырыгъэ ди щIыналъэм сыт щыгъуи илъыным и мыхьэнэр, зауэм насыпыншагъэу къихьыр зыхуэдизыр зыхащIэу цIыкIухэр гъэхуауэ усэ купщIафIэхэм къеджащ.

КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэр хухахат ди бзэм и шэрыуагъымрэ ди хабзэм и дахагъэмрэ. Адыгэбзэр дахэу, купщIафIэу зэрыщытыр, адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми и анэдэлъхубзэр ищIэн зэрыхуейм, ди хабзэфIхэр зэрыхъумапхъэм ятеухуауэ сабийхэм куэд ящIэу къыщIэкIащ. Абыхэм жаIащ псалъэ Iущхэри, усэхэри, псалъэжьхэри, нэгъуэщI куэди.

Дунейм лъэпкъ зэмыщхь куэд тетщ. Абыхэм яфIри я Iейри къыгурыIуэу сабийм и акъылым зиужьын папщIэ, ар хамэ литературэми щыгъэгъуэзэн хуейщ, нэхъыфIыр и лъэпкъым хуигъэфащэ зэпыту. Дэтхэнэ тхыгъэри адыгэбзэм дахэу, щIэщыгъуэу къызэрибгъэтIэсэфынур наIуэ тщащIащ класс нэхъыщIэхэм щIэсхэм дагъэлъэгъуа, Андерсен Ганс Христиан итха «Сабий зэхэвэ», Перро Шарль и IэдакъэщIэкI «Шырыкъу зылъыгъ джэду» таурыхъхэм къытращIыкIа теплъэгъуэхэмкIэ. Япэрауэ, Бабыгуей Эммэ таурыхъхэр зэридзэкIат сабийхэм я ныбжьым теухуауэ гурыIуэгъуэу икIи зэхэщIыкIыгъуэу. ЕтIуанэрауэ, ахэр зыхуей хуэзэу, дагъуэншэу къызэгъэпэщат я фащэхэмкIэ, ещанэрауэ, цIыкIухэм екIуу зыкъагъэлъэгъуащ, зыхэт Iуэхур яфIэфIу.

Уи гур зыгъэинхэм ящыщт «Сосрыкъуэ Бадэху дахэр къызэришауэ щытар» жыхуиIэ «Нарт» эпосым щыщ теплъэгъуэри. Адыгэбзэр сабийхэм фIыуэ зэрагъэшэрыуэри, хъыбарым ахэр хабзэм, нэмысым, лIыгъэм, хахуагъэм зэрыхуригъаджэри, утыку итыкIэм зэрыхуигъасэри, хъуэхъубзэ дахэхэр зэрызэхахри уасэ зимыIэ Iуэхугъуэщ.

- «Си къуэ закъуэр лIыфI хъумэ, уэлэхьи, сэ срикъунмэ; ауэ, ар закъуэми, Iей хъумэ, Къэбэрдей псом дрикъунмэ...» - жиIэгъат Къэзанокъуэ Жэбагъы, - пищащ Бабыгуейм. - Аращи, лъэпкъ узыншэ Тхьэм дищI, фэ цIыкIухэр къэралыр дызэрыгушхуэн цIыху щыпкъэ фыхъуну, ди бзэр вгъэлъапIэу, фызэрыадыгэм фригушхуэу фыкъэхъуну, къекIуэлIахэми фи бынхэм я гуфIэгъуэрэ я хьэррэ флъагъуу фыпсэуну сыфхуохъуахъуэ.

Ялъэгъуамрэ ахэр къазэрыщыхъуамрэ тепсэлъыхьащ зэхыхьэм къэрихьэлIахэр.

- ЕгъэджакIуэм и къалэнщ сабийр зэлэжь Iуэхум дригъэхьэхыну. Бабыгуейм ар фIы дыдэу къохъулIэ, - жиIащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м ЦIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник Шал Любовь. - Эммэ щIэхщIэхыурэ икIи хьэлэмэт дыдэу егъэхьэзыр дерс зэхуэмыдэхэр. Абы хузэфIокI бзэм и кууагъыр зыхуэдизыр зыдэлажьэ гупым ягуригъэIуэну. Абы и щыхьэтщ Бабыгуейм дигъэлъэгъуа классщIыб лэжьыгъэр. Псом хуэмыдэу уи лъэпкъым, уи бзэм щехьэлIам и деж, ар гуфIэгъуэ тIуащIэу собж. Къыхэгъэщыпхъэщ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэми абы и лэжьакIуэхэми сыт хуэдэ Iуэхури къызэрыддаIыгъыр, къызэрыткъуэкIуэр, я нэIэ къызэрыттрагъэтыр. ФIыщIэшхуэ яхуэсщIыну сыхуейщ адэ-анэхэми. Псори къыщежьэр унагъуэращи, ахэр сытым дежи къыткъуэтщ.

Анэдэлъхубзэм мыхьэнэшхуэ зэрыратым, еджапIэм и лэжьакIуэхэм емызэшыжу Iуэху дахэхэр зэрызэхаублэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ псалъэ гуапэ куэд жиIащ Щэрмэт Маринэт. Ар прогимназием и лэжьакIуэхэми еджакIуэхэми ехъуэхъуащ Литературэм и гъэр яхуэугъурлыну, я щIэныгъэр кIуэ пэтми нэхъ бей хъу зэпыту екIуэкIыну. Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Бжьахъуэ Пщымырзэ къыбгъэдэкIыу Маринэт щIыхь тхылъхэр иритыжащ гъэсакIуэ **Бабыгуей Эммэ**, сыт щыгъуи жыджэру зыкъэзыгъэлъагъуэхэу 2-нэ классым щIэсхэу Быгуэ Дэнизэрэ Къущхьэ Аделинэрэ.

Пшыхьыр къызэзыгъэпэща Бабыгуейм еджапIэм щегъэлажьэ «Ашэмэз», «Адыгэ хабзэ» гупжьейхэр, сабийхэм ехъулIэныгъэфIхэр щаIэу. ЦIыкIухэр яфIэфIу гупжьейхэм йокIуалIэ, я къэухьым зрагъэужь. «Си бзэ, си псэ - си дуней» республикэ зэпеуэм 2008 гъэм япэ увыпIэ къыщихьауэ щытащ Эммэ. Къэралым илъэс 33-рэ хъуауэ хьэлэлу зэрыхуэлажьэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, щIыпIэ администрацэм къабгъэдэкI щытхъу тхылъхэр, Бизнесымрэ къулыкъумрэ ефIэкIуэнымкIэ дунейпсо институтым къыхуигъэфэщащ «Егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIам папщIэ» медалыр, нэгъуэщIхэри.

Сабийхэм я адэ-анэхэм фIыщIэшхуэ хуащI еджапIэм и IэщIагъэлIхэм, я лэжьыгъэр тэмэму, ныкъусаныгъэншэу къызэрырахьэлIэм папщIэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ пшынауэ ныбжьыщIэ Куэцэ Азэмэтрэ Iуэхур щекIуэкIа еджапIэм къафэмкIэ и гъэсакIуэ Мэкъуауэ Нартрэ. Зэхыхьэр адыгэ джэгу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Щ1эблэ

Прокурор IэщIагъэрщ сыдэзыхьэхыр

ОбществознаниемкIэ урысейпсо олимпиадэу республикэм и щыхьэрым щекIуэкIам щытекIуащ Налшык къалэ и курыт еджапIэ №27-м и 10-нэ классым щIэс Къущхьэ Каринэ.

ИЛЪЭС 16 зи ныбжь пщащэм и щIэныгъэр щигъэлъэгъуэфыну олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ жыджэру хэтщ. Ар ящыщщ мурадыфIхэр зиIэ, гъащIэм лъэ быдэкIэ щыувыну хущIэкъу щIалэгъуалэм.

- Прокурор сыхъуну, сыт хуэдэ зэдауэри хабзэм тету зэфIэсхыну сыхуейщ. ОбществознаниемкIэ егъэджакIуэ Iэщын Светланэщ иджырей текIуэныгъэм сыхуэзыгъэхьэзырар, сытым зезмыпщытми, икъукIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуохъу тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Тохаевэ Мэржани. А дерсхэрщ, абы правэри хыхьэу, нэхъ сфIэгъэщIэгъуэнхэр, сыдэзыхьэхыр. ЩIэныгъэм хэзыгъахъуэ зэхьэзэхуэхэр иужькIэ сэбэп къызэрысхуэхъунур си фIэщ мэхъу, - жеIэ Каринэ. Пщащэм и мурадщ Санкт-Петербург къэрал университетым юриспруденцэм щыхуеджэну.

БАХЪСЭН Сэтэней.

Сабий Iущхэр

Занковым и мардэм тету щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэт сабий зэчиифIэхэм я 13-нэ урысейпсо кIэух зэпеуэр мы махуэхэм Самарэ щекIуэкIащ.

А IУЭХУМ хэтащ УФ-м и къалэхэу, щIыналъэ щхьэхуэхэу 40-м икIа сабийхэр. Ди Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу утыку ихьа Къетыкъуэ Дисанэрэ Жанкъазий Самирэрэ зэпеуэм и лауреат хъуахэщ. ЦIыкIуитIри Налшык дэт курыт еджапIэ №9-м и 4-нэ классым щоджэ. Зэпеуэм ахэр хуигъэхьэзыращ егъэджакIуэ Роменская Зое, сабийхэр Самарэ зышар КъБКъУ-м ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и институтым пэщIэдзэ щIэныгъэхэмкIэ кафедрэмрэ Занковым и цIэкIэ щыIэ щIыналъэ центрымрэ я унафэщI Керженцевэ Аннэщ.

Зэпеуэм хэта сабии 120-м ялъэлъэгъуащ школым зэрыщрагъаджэ дерсхэмкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр здынэсыр.

Самарэ зэрыщыIа махуэ зыбжанэм къриубыдэу цIыкIухэм къалэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэлъэгъуащ, джэгу -зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэми хэтащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нобэ Налшык шыгъажэшхуэ щокIуэкI

● Спорт

Урысейм и Махуэм утыку къихьэнущ цIыху щхьэхуэхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я шыгъажэш нэхъыфI дыдэу илъэси 2-м щегъэжьауэ илъэси 4-м нэс зи ныбжьхэр.

Шыгъажэм хэтынухэр зэпеуэнущ Бахъсэн къалэ округым и призыр (сом мини 100), Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и призыр (сом мин 50), Хьэмидей къуажэм и призыр (сом мин 20), Урысейм и Махуэм и щIыхькIэ ягъэува призыр (сом мин 50), япэ категорие зиIа шуудей Унэшхуэлl Алим и фэеплъ призыр (сом мин 20) къэхьыным теухуауэ.

Шыгъажэм сыхьэт 12-м щIедзэ.

Шэрум и жэз медаль

● Бэнэк1э хуит

1998 - 1999 гъэхэм къалъхуа бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ я зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен Шэру СулътIан (кг 120-рэ) ещанэ увыпIэр къыщихьри, жэз медалыр зыIэригъэхьащ. Якутск къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэтащ спортсмен 300. Я хьэлъагъ елъытауэ ахэр гуп 11 гуэшат.

ШЭРУ СулътIан бэнэкIэ хуитым илъэсибл ныбжьым иту дихьэхащ. Ар и гъэсэнщ 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимпиадэм бэнэкIэ хуитымкIэ жэз медаль къыщызыхьа, дуней псом щэнейрэ и чемпион, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Махуэ Билал и япэ тренер, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер Iэщнокъуэ Мухьэмэд.

Спортсмен ныбжьыщIэм ерыщу, гушхуэныгъэ хэлъу бэнэкIэ хуитымкIэ, алыджурым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьэурэ ипэкIэ макIуэ. Нэгъабэ бэнэкIэ хуитымкIэ Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэпеуэм жэз медаль, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэм дыщэ къыщихьауэ щытащ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

● Гъэсэныгъэ

Адыгэ хабзэм щIапIыкI

Шэрэдж Ищхъэрэм дэт курыт еджапIэм зи школ кIуэгъуэ нэмысахэм папщIэ хэт къудамэм республикэпсо семинар щекIуэкIащ, сабийхэр тэмэму гъэсэнымкIэ адыгэ лъэпкъ хабзэм иIэ мыхьэнэм теухуауэ.

«Сосрыкъуэ» сабий садыр къыщIыхахам и щхьэусыгъуэр блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэ щэнхабзэ дерс купщIафIэхэр егъэкIуэкIыным мыбы гулъытэшхуэ зэрыщыхуащIырщ.

Къудамэм и унафэщI Гъубжокъуэ Люсэ хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэм. Абыхэм ящыщщ ди лъэпкъ хабзэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд «Нысаплъэр», «Гущэхэпхэр», «Нанэ хьэщIэу къытхуэкIуащ» зыфIаща теплъэгъуэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр щрагъэкIуэкI махуэм ягъэлъэгъуащ нарт хъыбарым къытращIыкIа «Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьыжар» спектаклыр. Абы дахащэу щыджэгуащ сабийхэри гъэсапIэм и лэжьакIуэхэри.

ЕгъэджэныгъэмкIэ куей Управленэм къыбгъэдэкIыу сабий садым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ ин хуащIащ, зыбгъэдэт лэжьыгъэмкIэ жэуаплыныгъэ зэрахэлъым папщIэ. Абыхэм ящыщщ гъэсакIуэхэу Шэджыхьэщ Iэ Маринэ, ГъуэплъащIэ Нусэ. Щомахуэ Ларэ, Шыфэдыгъу Зулетэ, ГъукIэжь Ритэ, музыкэмкIэ езыгъаджэ Уэзрокъуэ Джульеттэ, ХъуэкIуэн Маритэ (пщафIэщ), Щоджэн ФатIимэ (дохутырщ) сымэ.

Семинарым и кIэухым хьэщIэхэр дихьэхыу еплъащ гъэсакIуэхэмрэ сабийхэм я адэ-анэхэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэща «музей цIыкIум» щIалъхьа пасэрей щыгъыныгъуэхэмрэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэмрэ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм я дадэхэмрэ нанэхэмрэ зэрахьа куэд.

ЧЫМ Надия.

● Гу зылъытапхъэ

Ирагъэджэнухэр къыщыхах

«КъБР-м и ЦИСС» зи щхьэ хущытыж мыкоммерцэ организацэр - республикэм и хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIухэмрэ курытхэмрэ я щIэгъэкъуэн IуэхущIапIэр - социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэ гъэпсыкIэр ирагъэфIэкIуэн, социальнэ проектхэр гъэзэщIэным щытыкIэ щхьэхуэ къыхузэрагъэпэщын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэригъэпэщащ.

Социальнэ хьэрычэт Iуэху зехьэкIэм и школым теорием щыхурагъаджэ, бизнес план гъэпсыкIэм щыкIэлъагъэплъ, социальнэ проектхэр зэрагъэхьэзыр, ахэр зэрыпхагъэкI щIыкIэм тренер-чэнджэщэгъухэм щыхагъэгъуазэ. Программэр IыхьиплIу зэхэтщ, дэтхэнэми махуих хуозэ. Къыщыхах зэпеуэм пхыкIахэр пщIэншэу ирагъаджэ.

Школым къыщIэкIхэм «Социальнэ хьэрычэт лэжьыгъэм и лъабжьэхэр» программэм и курсхэр къызэраухамкIэ тхылъхэр иратыж.

2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м къыщыщIэдзауэ и 26 пщIондэ махуэ къэс сыхьэти 9-м щегъэжьауэ 18 хъуху заявкэхэр мы хэщIапIэм щыIахынущ: Налшык къалэ, Циолковскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 7, 311-нэ пэш.

ЩIэупщIэнухэр **96-85-02**, **40-55-84** телефонхэмкIэ фыпсалъэ, **ciss-kbr.ru** сайтыр къэвгъэсэбэп.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мокаев Кемал Абука и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Мокаевэ Жансурэт Хъусейн и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк1хэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымн уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытктъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымн уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариан нэ, Мэлбахъуэ Анжелэ. *Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.467 ● Заказ №978